



Pou Piblikasyon Imedya: 30/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 15 MILYON DOLA ÈD POU REFWADISMAN POU NOUYÒKÈ KI VILNERAB YO

*Èkondisyone disponib pou sila yo k ap soufri maladi ki vin pi grav akòz chalè ak imidite*

*Pwogram nan te sèvi plis pase 28,000 fanmi ki gen revni ki fèb pandan senk ane*

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a ke 15 milyon dola disponib pou ede Nouyòkè ki gen revni ki ba yo ki soufri pwoblèm sante grav ki vin pi grav akòz chalè pou rete fre pandan mwa ete k ap vini yo. Finansman an ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap la (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) jere atravè Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la (Home Energy Assistance Program) bay yon èkondisyone pou fanmi ki kalifye yo ki gen yon manm fanmi k ap soufri de yon pwoblèm medikal ki ka vin pi grav akòz chalè.

"Nou konnen gen tan cho ki pral rive sou nou nan sezon ete sa, epi okenn Nouyòkè pa ta dwe rete ap poze tèt yo kesyon si yo menm oswa pwòch yo ap an sekirite lè tanperati yo deraye", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Finansman enpòtan sa reflekte angajman nou pou pwoteje sante ak byennèt sila ki pi vilnerab yo pami nou byen anvan premye vag chalè sezon an."

Pou yo kalifye pou pwogram ki finanse federalman an, aplikan yo dwe reponn ak kondisyon elijibilite ak direktiv revni yo - ki varye selon kantite moun ki gen nan fwaye a - epi dwe gen omwen yon manm nan fwaye a ki soufri yon kondisyon medikal ki vin pi grav akòz gwo chalè ekstrèm. Pa egzanp, yon fanmi ki gen kat moun kapab touche jiska 60,226 dola pa ane, oswa 5,019 dola pa mwa, epi yo ka toujou kalifye pou yo resevwa asistans lan.

Fanmi ki sitiye nan lojman gouvènman an sibvansyone yo ki gen chalè enkli nan lwaye yo ap kontinye kalifye pou yon benefis refwadisman, depi yon moun k ap viv la soufri de yon kondisyon medikal ki vin pi grav akòz chalè ekstrèm. Kòm rezilta, finansman ane sa pou èd pou refwadisman an te soutni a 15 milyon dola pou konsidere yon ogmantasyon nan kantite aplikan ki pwobab akòz ogmantasyon elijibilite a.

Yo aksepte aplikasyon pou èd pou refwadisman an nan [lokal depatman sèvis sosyal yo](#) apati lendi 3 me epi li pwolonje jiska 30 out, oswa jiskaske finansman an epuize. Yo pral bay asistans yo sou yon baz premye vini premye sèvi.

Rezidan andeyò Vil New York yo ka aplike sou entènèt tou pou avantaj asistans chofaj regilye yo nan [myBenefits.ny.gov](https://mybenefits.ny.gov). Rezidan Vil New York yo ka telechaje yon aplikasyon epi jwenn enfòmasyon sou pwogram lan nan [access.nyc.gov](https://access.nyc.gov).

Pwogram èd pou refwadisman an te bay apeprè 6,800 benefis nan tout eta a ane pase. Plis pase 28,000 fanmi nan tout New York te benefisye de èd refwadisman an pandan senk ane ki pase yo.

"Pandan anpil Nouyòkè ap tann sezon ete k ap apwoche a, gen lòt k ap gade avèk mefyans chalè ekstrèm ki asosye ak sezon sa ak risk sante elve li ka pote," **Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Mike Hein te deklare.** "Finansman sa ede moun ak fanmi ki gen revni ki ba ki kalifye yo fè kay yo fre epi evite chans pou chalè ete a fè kondisyon medikal yon pwòch vin pi grav."

Anplis èd pou refwadisman an, ajans la ap pwolonje dat limit pou aplike a tou pou pou HEAP regilye ak ijans jiska 31 out jiskaske finansman yo bay yo epuize. Yon twazyèm benefis disponib tou pou fanmi ki kalifye yo ki nan yon kriz oswayon ijans kote chalè menase lavi yo oswa ki lye ak enèji.

Demann pou HEAP nan tout eta a rete wo. Jiska prezan nan sezon sa, fanmi ki gen revni ki fèb rive nan modere yo te resevwa apeprè 1.4 milyon benefis, epi yo te bay apeprè 64,000 benefis ijans pou fanmi sa yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)